# <u>आकाशवाणी, गोरखपुर</u>

## दिनांक–09 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

भारतीय रिजर्व बैंक नीतिगत रेपो दर में पचीस आधार अंक क कमी कइले हवे। अब रेपो दर छौ फीसदी हो गइल हौ। रिजर्व बैंक पांच बरिस में लगतारे दुसरकी बेरि रेपो दर घटवले हौ। एहसे पहिले फरवरी में रेपो दर कम कइल गइल रहे। आजु मुंबई में रिजर्व बैंक क गवर्नर संजय मल्होत्रा बतवलें कि छौ सदस्यन क मौद्रिक समिति येह वित्त बरिस क पहिली बइठकी में सर्व–सम्मति से रपो दर कम कइले क फैसिला कइलस। उहां के कहलीं कि खुदरा महंगाई दर दुइ हजार पचीस–छब्बीस में पारि फीसदी रहले क अनुमान हौ। श्री मल्होत्रा कहलें कि दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे सकल घरेलू उत्पाद–डीजीपी वृद्धि दर क अनुमान छौ दसमलव पांच फीसदी कइल गइल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता में भइल केन्द्रीय कैबिनेट क बइठकी में आजु बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे प्रधानमंत्री कृषि सिंचाई योजना क उपयोजना के रूप में कमांड क्षेत्र विकास अउर जल प्रबंधन क आधुनिकीकरण के मंजूरी दीहल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह फैसिला बदे प्रधानमंत्री क अभार जतवले हवें। उहां के अपने एक्स एकाउंट पर पोस्ट के जरिया से कहलें कि ई फैसिला करोड़ो अन्नदाता किसानन के लाभ देई अउर किसानन के आमदनी में बढ़ोत्तरी होई अउर कृषि उत्पादकतो के बढ़ावा मिली।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में विश्व नमोकार महामंत्र दिवस के मौका पर जैन इंटरनेसनल ट्रेड ऑर्गनाइजेसन के ओरि से आयोजित कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि साधना, आत्मसुद्धि अउर लोक कल्याण क भावना से जुड़ि के मनई न त खाली आपन कल्याण करे ला बलुक समाज अउर दुनियो बदे प्रेरणा बने ला। उहां के कहलीं कि सज्जो चउबीस तीर्थंकरन क जीवन लोक कल्याण बदे समरपित रहल हौ।

**उत्तर प्रदेश जैन तीर्थंकरों की महत्वपूर्ण भूमि रही है। भगवान ऋषभदेव अयोध्या के पहले राजा थे। भगवान ऋषभदेव की ही परंपरा में भगवान मनु पैदा हुए थे जिन्होंने मानव धर्म की रचना करके पूरे सृष्टि के अंदर इस परंपरा को आगे बढ़ाया था। उसी परंपरा में भगवान राम का जन्म हुआ था, यानी दुनिया के प्राचीनतम धर्म में से एक लोगों के पास तो गिनने के लिए तो हमारे पास तो हम तो गिनती में नहीं गिनते।**

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री व्यौहारिक जिनगी में नमोकार महामंत्र के उतारे बदे नौ गो संकल्प बतवले हवें, जेके हर मनई के अपनावे के चाही। येह मौका पर उहां के भगवान महावीर जयंती क सुभकामनो दिहलीं अउर जैन धरम क अहिंसा अउर परोपकार क सिक्षा के जन–जन ले पहुंचवले क अपीलि कइलीं।

**********

हिंसा क पीड़ित महिला लोगिन के सहायता अउर समग्र समर्थन बदे प्रदेस सरकार 'वन स्टॉप सेंटर' योजना क विस्तार करत प्रदेस में सतरह गो नया इकाई के स्थापित करे जा रहलि हौ। वन स्टॉप सेंटर योजना क सुरूआति वित्तीय बरिस दुइ हजार पनरह–सोरह में केन्द्र सरकार क सौ फीसदी वित्त पोसण के तहत भइल रहे। बरिस दुइ हजार सतरह में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अगुआई में येह योजना के गति मिलल। येह योजना में हिंस क सिकार महिलन के अल्पकालिक प्रवास, चिकित्सा सहायता, परामर्स, विविध सहायता अउर पुलिस सहायता जइसन सज्जो जरूरी सेवा एक्के जगहि पर उपलब्ध करावल जाला।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क इग्यारह अपरैल के प्रस्तावित बनारस दौरा के ले के तइयारी जोर–सोर से चलि रहल हौ। भारतीय जनता पारटी क काशी क्षेत्र अध्यक्ष दिलीप पटेल आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत बतवलें कि प्रधानमंत्री इग्यारह अपरैल के भिन्नहीं बनारस अइहें। येह दौरान उनके ओरि से तीनि हजार आठ सौ चौरासी करोड़ रूपिया के परियोजना क सौगात काशीवासियन के दीहल जाई। कार्यक्रम क सफल आयोजन के ले के सज्जो तइयारी आखिरी फेरा में हौ।

**********

प्रयागराज में नैनी कोतवाली थान्हा इलाका में बनि रहल विद्युत सब स्टेसन के लग्गे आजु डम्पर से कचरि के पांच जने क मउति हो गइल। हादसा क सूचना मिलले पर मौका पर पहुंचलि पुलिस सव के पोस्टमार्टम बदे भेजलसि अउर डम्पर के कबजा में ले के कार्रवाई सुरू कइ दिहले हौ।

**********

आइपीएल क्रिकेट में आजु संझा अहमदाबाद में गुजरात टाइटन्स क मोकाबिला राजस्थान रॉयल्स से होई। मैच संझा साढ़े सात बजे से सुरू होई। चंड़ीगढ़ में काल्हि राति खेलल गइल मैच में पंजाब किंग्स चेन्नइस सुपर किंग्स के अठारह रन से हरवलस। एगो अउरियो मैच में लखनऊ सुपर जायंट्स कोलकाता नाइट राइडर्स के चारि रन से हरवलस।

**********

मौसम विभाग आजु अउर बिहने प्रदेस के कई गो जिलन में गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क संभावना जतवले हौ। विभाग आजमगढ़, मऊ, बलिया, देउरिया, गोरखपुर, संतकबीरनगर, बस्ती, कुशीनगर, महराजगंज, सिद्धार्थनगर, गोण्डा, बलरामपुर, श्रावस्ती, अम्बेडकरनगर अउर एकरे लग्गे के इलाकन में गरज के साथे बज्रपातो क संभावना जतवले हौ। ओहर, गाजियाबाद, हापुड़, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर अउर एकरे लग्गे के इलाकन में लुह चलले क बाति कहल गइल हौ।

**********